

ANONS KONSÈNAN SEKIRITE POU DIFE

SI TA GEN YON DIFE, RETE TRANKIL. METE FIRE DEPARTMENT OKOURAN EPI FÈ SA MANM PÈSONÈL FIRE DEPARTMENT LA DI OU. SI OU OBLIJE AJI VIT, ITILIZE JIJMAN OU POU FÈ SA KI GEN MWENS DANJE A, EPI SÈVI AK ENFOMASYON SA YO POU GIDE OU:

OU NAN YON BILDING KI KONSTWI AK MATERYO KI PA KA BOULE (KI KA REZISTE DIFE)

Si Gen Dife Nan Apatman ou a

- Fèmen pòt chanm ki gen dife a epi kite apatman an.
- Asire w TOUT MOUN kite apatman an avèk OU.
- Pran kle ou yo.
- Fèmen pòt apatman an men pa fèmen li ak kle.
- Frape pòt moun yo ki abite sou etaj ou a pou avèti yo pandan ou prale nan sòti a.
- Sèvi ak eskalye ki pi pre a pou sòti nan biling lan.
- PIGA NOU PRAN ASANSÈ.
- Rele 911 yon fwa ou rive yon kote ou an sekirite. Pa sipoze yo te rele ponpye amwenske ou wè ponpye yo la.
- Kontre ak fanmi ou yon kote nou te chwazi davans deyò biling nan. Di ponpye yo si gen nenpòt moun ki manke.

Si Gen Dife Nan Apatman ou a

- Rete andedan apatman ou a epi swiv enstriksyon ponpye yo amwenske kondisyon yo vin danjere.
- Si ou oblige sòti nan apatman ou a, touche pòt ak manch pòt apatman yo avan pou w wè si yo cho. Si yo pa cho, louvri pòt la tou pitit epi gade si pa gen lafimen, chalè oswa dife nan koulwa a.
- Si ou ka sòti nan apatman ou a san danje, swiv enstriksyon yo ki anwo a pou yon dife nan apatman ou a.
- Si ou pa ka sòti nan apatman oswa biling ou a san danje, rele 911 epi bay yo adrès, etaj, nimewo apatman ou ak kantite moun ki nan apatman ou a.
- Bouche pòt apatman ou a ak sèvyèt oswa dra mouye, epi bouche kote van ka antre ak sòti yo oswa lòt kote li louvri kote lafimen ka antre.
- Louvri fenèt yo tou pitit, detwa pou konsa, anwo ak anba amwenske flanm dife ak lafimen ap sòti anba.
- Pa kase okenn fenèt.
- Si kondisyon yo nan apatman an sanble yo menase lavi nou, louvri yon fenèt epi souke yon sèvyèt oswa dra pou atire atansyon ponpye yo.
- Si pwoblèm ak lafimen yo vin pi mal avan sekou rive, mete w atè a epi rale ak lage ti souf kout nan nen ou. Si li posib, ale nan yon balkon oswa teras lwen kote lafimen, chalè oswa dife a ap sòti a.